*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*

**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

**www.divineliterature.org**
**www.doveletters.org**

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. ***Dis tract no be for sale. Make you please write tell us for our website if pesin dey try sell am to you.**

©Divine Literature International 2023



# TWO STEPS TO TAKE RECEIVE JESUS

Baba-God bin give everi human being gift wey big pass. Na di gift of life wey no dey end. E bin give us di gift tru hin Son, Jesus Christ, make we for escape di judgement wey get serious vexation becos of sin – di judgement wey go make pesin land inside lake of faya, last last (John 3:16, Romans 6:23). If you no gree receive Christ as your Lord and Saviour, make you know now sey, all of us get final place wey dey ready for us wen we don comot earth. Di place na Heaven, or Hell. Heaven na place wia plenti joy wey no dey end, dey. Hell na place wia plenti sofa dey. Pipo go dey cry and grind dia tit wit pain for there. Na Bible tok am (Matthew 13:41-42)! Na only one way you fit take escape to go dis place. Di way na to receive di gift of life wey no dey end, wey Baba-God give us. Na two steps dey to take receive di gift, and dem dey easy:



## Step 1: Make you Understand sey you Need di Gift of Life wey no dey End

**Di Truth about Sin:** Anytin wey no dey make Baba-God happy na Sin. Punishment for Sin na Death for Spirit. Wetin dis one mean be sey: Pesin dey separate, from Baba-God. Adam and Eve, na dem first get dis punishment; con drag all of us enta (Romans 5:12). Becos of dat, everibodi carry sin from belle come world, and we go face di bad tins wey go come becos of sin, if we no dey saved. No be just sey, pipo wey no dey saved dey separate, from Baba-God. On top dat, e go tro dem inside lake of faya on Judgement Day, wia dem go dey burn for ever (Mark 9:43-48). Di only way to take make peace wit Baba-God, con escape lake of faya, na to dey born-again.

Jesus tok sey, *"I dey tell you di truth, nobodi fit see Baba-God kingdom*



*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*

**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

**www.divineliterature.org**
**www.doveletters.org**

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. ***Dis tract no be for sale. Make you please write tell us for our website if pesin dey try sell am to you.**

©Divine Literature International 2023



TWO STEPS TO TAKE RECEIVE JESUS

Baba-God bin give everi human being gift wey big pass. Na di gift of life wey no dey end. E bin give us di gift tru hin Son, Jesus Christ, make we for escape di judgement wey get serious vexation becos of sin – di judgement wey go make pesin land inside lake of faya, last last (John 3:16, Romans 6:23). If you no gree receive Christ as your Lord and Saviour, make you know now sey, all of us get final place wey dey ready for us wen we don comot earth. Di place na Heaven, or Hell. Heaven na place wia plenti joy wey no dey end, dey. Hell na place wia plenti sofa dey. Pipo go dey cry and grind dia tit wit pain for there. Na Bible tok am (Matthew 13:41-42)! Na only one way you fit take escape to go dis place. Di way na to receive di gift of life wey no dey end, wey Baba-God give us. Na two steps dey to take receive di gift, and dem dey easy:

2

Step 1: Make you Understand sey you Need di Gift of Life wey no dey End

**Di Truth about Sin:** Anytin wey no dey make Baba-God happy na Sin. Punishment for Sin na Death for Spirit. Wetin dis one mean be sey: Pesin dey separate, from Baba-God. Adam and Eve, na dem first get dis punishment; con drag all of us enta (Romans 5:12). Becos of dat, everibodi carry sin from belle come world, and we go face di bad tins wey go come becos of sin, if we no dey saved. No be just sey, pipo wey no dey saved dey separate, from Baba-God. On top dat, e go tro dem inside lake of faya on Judgement Day, wia dem go dey burn for ever (Mark 9:43-48). Di only way to take make peace wit Baba-God, con escape lake of faya, na to dey born-again.

Jesus tok sey, *"I dey tell you di truth, nobodi fit see Baba-God kingdom*

3

*unless di pesin dey born-again." ~ John 3:3*

To *Born Pesin for Bodi* dey. To *Born Pesin for Spirit* too dey. To dey *Born-Again* mean sey, Baba-God born pesin for second time (for Spirit) - no be like wen dem born pesin for first time (for Bodi).

**Make you understand sey Jesus Christ na Lord and Saviour:** You no fit make Baba-God wey dey perfect happy wit your own power or character wey good. Naim, e con send hin Son, Jesus Christ as Gift to you. Christ die on top Cross to pay for your sin; con rise from di dead, make you for no sofa di bad tins wey go come becos of sin. Na only tru Christ you fit escape di bad tins wey sin dey cause.

*Baba-God love di world well-well; e con give us hin only Son, so dat any pesin*



*wey believe am no go perish, but go get life wey no dey end. ~ John 3:16*

**Make you agree sey you be sinner, and dey ready to comot hand from sin:** To receive Christ, you suppose first agree sey you be sinner, and you no get power to save yoursef. Even di good tins wey you dey do no fit make you righteous for Baba-God eye. E dey important make you agree sey, Christ don pay for your sin. On top dat, make you dey ready to comot hand from sin – dis one dey important too!

**Step 2: Make you confess sey Jesus Christ na your Lord and Saviour**

Salvation na free. You no fit do anytin wey good reach, to get Salvation. Na only to receive am by grace, tru faith (Ephesians 2:8-9). Bible tok sey you go dey saved if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and



you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead (Romans 10:9-10). Make you tok dis prayer wit all your mind, to show sey, you wan receive am:

*Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life wey dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.*

If you follow dis two steps, you don become Baba-God pikin (John 1:12-13). You dey qualified to share from di property wey belong to hin pipo wey dey inside light, and you be part of hin



royal priests. E buy you wit high price, and e don mark you as hin own wit di Holy Spirit.

### Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible, and begin dey read am everi day. Everitin you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible for di area wia you dey live, wia dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our websites (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Oda free materials dey there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!



*unless di pesin dey born-again." ~ John 3:3*

To *Born Pesin for Bodi* dey. To *Born Pesin for Spirit* too dey. To dey *Born-Again* mean sey, Baba-God born pesin for second time (for Spirit) - no be like wen dem born pesin for first time (for Bodi).

**Make you understand sey Jesus Christ na Lord and Saviour:** You no fit make Baba-God wey dey perfect happy wit your own power or character wey good. Naim, e con send hin Son, Jesus Christ as Gift to you. Christ die on top Cross to pay for your sin; con rise from di dead, make you for no sofa di bad tins wey go come becos of sin. Na only tru Christ you fit escape di bad tins wey sin dey cause.

*Baba-God love di world well-well; e con give us hin only Son, so dat any pesin*

4

*wey believe am no go perish, but go get life wey no dey end. ~ John 3:16*

**Make you agree sey you be sinner, and dey ready to comot hand from sin:** To receive Christ, you suppose first agree sey you be sinner, and you no get power to save yoursef. Even di good tins wey you dey do no fit make you righteous for Baba-God eye. E dey important make you agree sey, Christ don pay for your sin. On top dat, make you dey ready to comot hand from sin – dis one dey important too!

**Step 2: Make you confess sey Jesus Christ na your Lord and Saviour**

Salvation na free. You no fit do anytin wey good reach, to get Salvation. Na only to receive am by grace, tru faith (Ephesians 2:8-9). Bible tok sey you go dey saved if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and

5

you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead (Romans 10:9-10). Make you tok dis prayer wit all your mind, to show sey, you wan receive am:

*Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life wey dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.*

If you follow dis two steps, you don become Baba-God pikin (John 1:12-13). You dey qualified to share from di property wey belong to hin pipo wey dey inside light, and you be part of hin

6

royal priests. E buy you wit high price, and e don mark you as hin own wit di Holy Spirit.

### Wetin Pesin Go Do Next?

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible, and begin dey read am everi day. Everitin you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible for di area wia you dey live, wia dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our websites (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Oda free materials dey there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

7